**दिन–मंगलवार** **दिनांक–03.09.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राज्यक एक्कैस जिला मे सुखाड़क स्थिति देखल जा रहल अछि। एहि जिला सभ मे औसत सँ उनसठि प्रतिशत कम वर्षा भेल जखनकि, चौदह जिला मे स्थिति सामान्य रहल अछि। मात्र तीन जिला पश्चिम चंपारण, गोपालगंज आ सीवान मे सुखाड़क प्रभाव नहि अछि। एहि तीन जिला मे सामान्य सँ साठि प्रतिशत बेसी धरि वर्षा भेल अछि। कृषि विभागक दिस सँ राज्य मे सुखाड़क परिस्थितिक विश्लेषण करबाक दरमियान इ तथ्य सोझां आयल। विश्लेषण मे विभाग एकरा खेतीक लेल चुनौती मानलक अछि। बक्सर, भभुआ, पूर्वी चंपारण सीतामढ़ी, शिवहर, मुजफ्फरपुर, सारण, मधुबनी, दरभंगा, समस्तीपुर, सुपौल, अररिया, मधेपुरा, आ किशनगंज मे सामान्य स्थिति रहि रहल अछि। एहि जिला सभ मे सामान्य वर्षा भऽ रहल अछि। ओतहि, रोहतास, भोजपुर, पटना, अरवल, जहानाबाद, औरंगाबाद, गया, वैशाली, नालंदा, नवादा, शेखपुरा, सहरसा, बेगूसराय, खगड़िया, लखीसराय, मुंगेर, पूर्णिया, कटिहार, भागलपुर आ बांका जिला सुखाड़ सँ प्रभावित अछि।

---

प्रदेश मे पछिला चौबीस घंटाक दरमियान दक्षिण– पश्चिम मॉनसूनक गतिविधि कमजोर रहल अछि। एहि दरमियान एक दू स्थान पर हल्का सँ मध्यम वर्षा दर्ज कयल गेल। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार वैशालीक भगवानपुर मे सभ सँ बेसी पच्चीस दशमलव दू मिलीमीटर वर्षा दर्ज कयल गेल। ओतहि गोपालगंज जिला प्रदेशक सभ सँ गर्म स्थान रहल जतऽ के अधिकतम तापमान सैंतीस दशमलव दू डिग्री सेल्सियस रिकॉर्ड कयल गेल। विभागक पूर्वानुमान मे अगिला चौबीस घंटाक दरमियान राज्यक उत्तर भागक एक दू स्थान पर मेघ गर्जन आ वज्रपातक चेतावनी जारी कयल गेल अछि।

---

प्रदेश भाजपा आइ सँ सदस्यता अभियान प्रारंभ कयलक अछि। एहि अभियानक अंतर्गत राज्य मे एक करोड़ चौवन लाख सँ बेसी सदस्य बनेबाक लेल चारि स्तर पर निगरानी टोली बनाओल गेल अछि। एहि मे पांच सदस्यीय प्रदेश स्तरीय सदस्यता निगरानी टीमक अधीन

जिला मे चारि मंडल मे तीन आओर शक्तिकेन्द्र स्तर पर एक सहयोगी सदस्य के अभियानक निगरानीक दायित्व सौंपल गेल। सदस्यता अभियानक जाँचक लेल अर्टिफिशियल इंटेलिजेंसक प्रयोग कयल जायत। एहि सँ एक व्यक्तिक सदस्यता दू बेर नहि भऽ सकत। एम्हर, नगर विकास आ आवास मंत्री नितिन नवीन कहलनि जे सदस्यता अभियानक माध्यमे समाजक अंतिम पांतिक लोक धरि पार्टीक पहुँच सुनिश्चित करब अछि।

———————————————————————

प्रदेश मे मंकी पॉक्स के लऽकऽ स्वास्थ्य विभाग अलर्ट मोड पर अछि। पटना आ गया एयरपोर्ट पर विदेश सँ अबयबला यात्री सभक जाँच कयल जा रहल अछि। एहि लेल एयरपोर्ट हेल्पडेस्क सेहो बनाओल गेल अछि। अफ्रीका आ संक्रमित देश सँ अबयबला लोक सभक विस्तृत जनतब एयरपोर्ट पर लेल जा रहल अछि। स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडे जनौलनि जे जँ कोनो व्यक्ति मे संक्रमण एहेन लक्षण देखाय तऽ स्वास्थ्य विभाग द्वारा देल गेल फॉर्म मे जानकारी भरबाकऽ हुनका पटना एयरपोर्टहिं सँ एनएमसीएच रेफर कऽ देल जायत। एनएमसीएच मे दस बेडक व्यवस्था कयल गेल अछि। मंकी पॉक्सक दरमियान लोक सभ के बोखार, माथदर्द, थकान, गला मे खरास, उकासी आ त्वचा पर लाल निशान एहेन लक्षण देखाई दैत अछि। एकर अतिरिक्त आँखि मे दर्द, धुंधली दृष्टि, छाती मे दर्द आ साँस लेबा मे कठिनाई सेहो एकर आन लक्षण अछि।

———————————————————————

वृक्षारोपण अभियान एक पेड़ माँ के नाम के अंतर्गत एखन धरि बावन करोड़ सँ बेसी गाछ लगाओल गेल अछि। एक सोशल मीडिया पोस्ट मे पर्यावरण, वन आ जलवायु परिवर्तन मंत्री भूपेन्द्र यादव कहलनि जे ई अभियान मीलक पाथर सिद्ध भेल अछि। विश्व पर्यावरण दिवसक अवसर पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एहि अभियानक प्रारंभ कयने छलाह।

———————————————————————

पत्र सूचना कार्यालयक फैक्ट चेक यूनिट भारतीय जीवन बीमा निगम द्वारा जारी एक कथित नोटिसक संबंध मे अफवाहक खंडन कयलक जे ओ एहि मासक अंत धरि सभ बीमा उत्पाद आ संशोधन योजना सभ के वापस लेबऽ जा रहल अछि। नकली नोटिस मे दावा कयल गेल अछि जे संशोधन सँ प्रीमियम आ पॉलीसीक नियम आ शर्त सभ मे बदलाव आओत। फैक्ट चेक यूनिट जनौलक जे दावा फर्जी अछि आ बीमा एजेंसीक दिस सँ एहेन कोनो नोटिस जारी नहि कयल गेल अछि।

---

कृषि मंत्री मंगल पांडेय आइ पटना मे आयोजित एक कार्यक्रम मे कहलनि जे किसान सभ के हुनक उत्पादक सुरक्षाक लेल राज्य मे मल्टी चैंबर कोल्ड स्टोरेज के बढ़ावा देल जायत।

---

शिक्षक दिवस पर एहि वर्ष राज्यक एकतालीस शिक्षक के राजकीय शिक्षक पुरस्कार सँ सम्मानित कएल जाएत।

---

समाप्त